

**Pa Prezidan  
Dieter F. Uchtdorf**

Dezyèm Konseye nan  
Premye Prezidans lan



# Yon ankraj byen fèm

**S**a pa gen lontan m te gen opòtinite pou pou m te vwayaje nan yon gwo bato toutolon kot Alaska a nan Etazini. Pandan kapitèn nan te prepare pou te fè bato a rete nan yon krik izole ki pa t janm sèvi, li te pran swen pou evalye zòn nan ak sitiyasyon an, tan-kou vitès vag yo, pwodonfè dlo a, ak distans avèk obstak danjere. Lè l te satisfè, li te jete lank pou bato a ta ka rete an sekirite e ankre byen fèm, pou pèmèt pasaje yo gen opòtinite pou yo gade bèl espektak kreyasyon Bondye yo.

Pandan m t ap gade litoral la, m te kòmanse reyalize bato a t ap balanse prèske inapèsi anba nenpòt ti van ak ti kouran dlo ki te pase anba li. Men, li te rete fèm e byen kanpe andedan yon espas fiks byen defini pa longè liy ankraj la ak fòs ankraj la.

Kapitèn nan pa t kenbe lank lan sere anba bato a, pare pou redui li sèlman si yon tanpèt ta leve. Non, li te ankre bato a kòm yon mezi prevwayans pou te pwoteje bato a pou l pa t deplase ale nan dlo ki pa gen sekirite oubyen glise dousman al echwe pandan ke pasaje yo ak ekipaj la te santi yo ansekirite.

Pandan m t ap egzamine sitiyasyon an, m te reyalize ke si sa se pa t yon opòtinite pou yon parabol, enben, se pa yon pilòt mwen ye vre!

## **Poukisa nou bezwen ankraj**

Bi yon ankraj se pou kenbe yon bato ansekirite nan yon lye byen detèmine oubyen pou ede kontwole bato a pandan move tan. Men, pou akonpli objektif enpòtan sa yo, sa pa ase pou sèlman gen yon ankraj. Ankraj la

dwe solid, fyab, e itilize kòrèkteman nan bon moman an ak nan bon kote a.

Moun ak fanmi bezwen ankraj tou.

Advèsite kapap vini kòm yon gwo tanpèt pou ekate nou sou wout nou epi menase pou fè nou al kraze nan wòch yo. Men pafwa, nou andanje lè tout bagay parèt ansekirite tou—ti van dous ak dlo kalm. Anfèt, nou kapab nan gwo pi gwo danje ki egziste lè n ap glise epi mouvman an si inapèsi ke nou pa menm remake sa.

## **Levanjil la se ankraj nou**

Ankraj se bagay ki dwe solid, fò, e byen trete pou yo ka pare lè bezwen. Epitou, yo dwe atache nan yon fondasyon ki kapab sipòte pwa fòs opoze yo.

Natirèlman, levanjil Jezikri a se yon ankraj konsa. Li te prepare pa Kreyatè inivè a pou yon objektif diven e nan bi pou bay pitit li yo sekirite ak gidans.

Finalman, kisa levanjil la ye, apa plan Bondye pou rachte pitit li yo e mennen yo retounen nan prezans li?

Konesan ke sa nòmalman nan nati tout bagay pou yo glise, nou dwe fikse ankraj nou fèm sou baz verite levanjil la. Yo pa dwe bese lejèman sou sann lògèy ni apèn touche sifas konviksyon nou.

Mwa sa a nou gen yon opòtinite pou nou tande sèvitè Bondye nan yon konferans jeneral Legliz la. Pawòl yo, ansanm avèk ekriti yo ak enspirasyon Lespri yo, bay yon baz fondasyon prensip ak valè etènèl solid ak asire pou nou ka mare ankraj nou pou nou ka rete fèm ak asire nan mitan lit ak eprèv lavi yo.

Elaman, ansyen pwofèt la te anseye: “Se sou wòch Redanmtè nou an, ki se Kris la, Pitit Gason Bondye a, nou dwe bati fondasyon nou; konsa, lè dyab la voye gwo van li yo, wi, pik li yo nan toubiyon an, wi, lè tout lagrèl li yo ak gwo siklòn li yo vin bat nou, li p ap gen pouvwa sou nou pou l trennen nou desann nan gouf mizè ak malè etènèl la, poutèt sou wòch nou bati a, ki se yon bon fondasyon, lèzòm pa kapab tonbe si yo bati sou fondasyon sa a” (Elaman 5:12).

### Valè ki genyen nan fikse ankraj nou fèm

Lavi a gen yon fason pou l teste ankraj nou ak tante nou pou nou balanse. Sepandan, si ankraj nou kòrèkteman byen plase sou wòch Redanmtè nou an, y ap reziste—kèlkeswa fòs van an, fòs mare a, oubyen wotè vag yo.

Natirèlman, yon bato pa prepare pou l rete kanpe nan yon pò men li prepare pou leve lank pou al navige sou lanmè lavi yo. Men sa se yon parabòl pou yon lòt lè.

Pou kounyeya, mwen pran rekonfò nan konnen ke ankraj levanjil la ak wòch Redanmtè nou an ap kenbe nou fèm e ansekirite.

Kalite ankraj sa a ap anpeche nou derive ale nan danje ak malè. L ap pèmèt nou jwenn bèl opòtinite pou jwi bote enkonparab yo nan sèn lavi a ki siblim e ki pap janm chanje.

Lavi a bèl e li vo lapèn pou nou viv li. Van, tanpèt, ak kouran ki genyen yo gen dwa tante nou pou nou devye ale nan danje, sa nou wè ak sa nou pa wè, men mesaj levanjil la ak pouvwa divin ni ap kenbe nou sou wout pou n retounen nan pò sekirite Papa nou ki nan Syèl la.

Se poutèt sa, annou non sèlman *koute* diskou konferans jeneral Avril yo, men *aplike* mesaj yo bay yo tou.

Se pou Bondye beni nou ak gide nou nan efò siyifikan ak esansyèl sa a!

---

### ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Panse pou diskite sou enpòtans ankraj nan kontèks fanmi Leyi a k ap vwayaje al nan tè pwomiz la (gade 1 Nefi 18). Ou gen dwa atire atansyon sou 1 Nefi 18:11–15, yon lè kote Nefi te mare, Lyawona a te sispann travay, epi bato a te pran nan van vyolan. Ki konsekans nou rankontre lè nou pa byen tache ankraj nou an sekirite nan levanjil la? Ou gen dwa pale sou 1 Nefi

18:21–22 tou epi diskite sou fason nou ka jwenn sekirite nan tounen vè Sovè a.

## JÈN YO

### Konferans avèk mwen

Pa Sarah Deeks

**M**te konn panse wikenn konferans jeneral la te long an annwyan, men amezi tan t ap pase, m te vin renmen li e pa t ka rete tann ni. Wikenn konferans jeneral la kapab espitiryèlman rechaje nou, men li fasil pou nou kite santiman sa yo febli lè lavi nòmal retounen nan Lendi. Kèk nan ide sa yo konn ede m kontinye pran otan m kapab nan konferans lan.

Mwen prepare tèt mwen pou konferans lan nan ekri kèk kesyon, epi apres a mwen pran nòt amezi kesyon m yo ap reponn. Apres a, mwen renmen telechaje diskou konferans yo ak mizik la sou LDS.org epi transfere yo sou yon ‘MP3 player’ pou m ka koute yon diskou oubyen yon chan pandan m ap fè okipasyon jounalye mwen. Epitou m renmen li *Liahona* konferans lan tou. Mwen souliyen ak ekri nòt nan maj Lyawona m nan. Rive nan tan pwochen konferans lan, m byen itilize revè m nan. Fanmi m li mesaj yo ansanm pafwa nan sware famiyal.

Pou nou kenbe lespri nou santi pandan konferans lan avèk nou epi kontinye aprann nan mesaj yo, sa mande travay, men lè m fè sa, se yon gwo benediksyon pou mwen. Mwen resevwa si anpil fòs ak gidans nan tan bezwen lè m etidye mesaj konferans jeneral yo, e m konnen mesaj sa yo enspire.

*Otè a ap viv nan Toronto, Kanada.*

## TIMOUN

### Fikse ankraj ou

**K**isa ki ap kenbe w ankre nan levanjil la? Ou gen dwa fè desen yon bato ak yon ankraj. Apres a ou kole oubyen tepe bò ankraj ou a nenpòt foto moun oswa lòt bagay ki ta ka ede bato w la rete ansekirite. Sonje, Prezidan Uchtdorf te di ke Jezikri, pwofèt nou yo jodia, ak ekriti yo se pi bon ankraj pou lavi nou.

© 2014 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini Damerik. Apwobasyon anglè: 6/13. Apwobasyon tradiksyon: 6/13. Tradiksyon *First Presidency Message, April 2014*. Haitian. 10864 036



Lafwa, Fanmi, Sekou

# Misyon divin Jezikri: Sovè ak Redanmtè

*Nan lapriyè, etidye materyèl sa a epi chèche konnen kisa pou nou pataje. Nan ki jan konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan li e beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaye a? Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).*

*Sa se yon pati nan yon seri Mesaj Vizit nan Fwaye ki dekri kèk aspè sou misyon Sovè a.*

**E**ldè D. Todd Christofferson nan Kolèj Douz Apot yo, te di, nan mitan tout tit pi siyifikan yo itilize pou dekri Jezikri yo, gen tit Redanmtè a. “*Rachte* vle di peye pou yon obligasyon oswa yon dèt. *Rachte* kapab vle di pote sekou tou oswa libere anba yon bagay tankou peye yon ranson. . . . Chak mesaj sa yo sigjere diferant fasèt nan gwo Redanmsyon an Jezikri te akonpli atravè Ekspyasyon l lan, ki enkli, selon diksyonè a, ‘delivre anba peche ak penalite l yo, tankou yon sakrifis ki fèt pou pechè a.’”<sup>1</sup>

Linda K. Burton, prezidant jeneral Sosyete Sekou a, te di: “Papa nou ki nan syèl la . . . te voye Sèl Pitit Gason Byeneme ak pafè li a pou soufri pou peche nou yo, chagren nou, ak tout sa ki parèt enjis nan lavi pèsònèl nou.

“ . . . Yon madanm ki t ap travèse eprèv ak chagren pandan dèzane te di ak dlo nan je: ‘Mwen vin reyalize

ke m tankou yon biyè 20 dola—ize, fennen, sal, prèske chire. Men . . . mwen toujou vo 20 dola.’ Madanm sa a konnen li . . . te diy ase pou [Bondye] te voye Pitit Gason l lan ekspye pou peche li, pèsònèlman. Chak sè nan legliz la sipoze konnen sa madanm sa a konnen an.”<sup>2</sup>

## **Nan Ekriti yo**

2 Nefi 2:6; Elaman 5:11–12;  
Moyiz 1:39

## **Nan Istwa Nou**

Nouvo Testaman an gen resi sou kèk fi ki te egzèsè lawa nan Jezikri, ki te aprann ak viv ansèyman l yo, epi temwaye konsènan ministè li, mirak li yo, ak majeste li.

Jezi te di fi a bò pi a:

“Moun ki bwè dlo m ap ba li a, li pap janm swaf ankò; paske dlo m ap ba li a ap tounnen yon sous dlo nan li k ap ba li lavi ki pap janm fini an.

“Fi a te di li, tanpri Misye, ban m ti gout nan dlo sa a, pou m pa janm anvi bwè dlo ankò. . . .

“Mwen konnen [Mesi a] gen pou vini, . . . lè la vini, la eksplike nou tout bagay.

“Jezi te reponn ni, Mwen menm k ap pale avèk ou a, m se Mesi a.”

Li “kite krich dlo a la menm” epi li retounen lavil la pou al rann temwayaj de li. (Gade Jan 4:6–30.)

## **NÒT**

1. D. Todd Christofferson, “Redemption,” *Ensign* oswa *Liahona*, Me 2013, 109.
2. Linda K. Burton, “Is Faith in the Atonement of Jesus Christ Written in Our Hearts?” *Ensign* oswa *Liahona*, Nov. 2012, 114.

## **Kisa M Ka Fè?**

1. Kijan m ka montre rekonesans pou pou Sovè ak Redanmtè a, Jezikri?
2. Ki fason nou ka jwi benediksyon sakrifis ekspyatwa Sovè a nan lavi nou?